**ДЗУРД Æ РАУÆНИ КУ УА, УÆД АЛЛИ АФОНИ ДÆР БÆЗЗУЙ!..**



***ХÆДАРЦАТИ Азæ (1919-1999), филологон наукити доктор: «Хъамбердиати Мисости исфæлдистадæ æнæгъæнæй дæр уæхæн æй, æма æ цийнæй райдзаст кодта цард. Е 'мдзæвгити фиццаг æмбурдгонд дæр хуммæтæги нæ хундтæй «Цин». Сахъигурд, райдзаст лæхъуæн, куддæр гъуди кæнунгъон фæцæй, уотæ æндиудæй рабадтæй ирон поэзий догъонбæл æма низзардта æ аййев, кæдзос гъæлæсиуагæй...»***

**НОМЕРÆН**






№43 (914) 2023 анзи 18 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман

## АБОНИ ДÆР МА 'Й ЗÆРДИАГÆЙ ИМИСÆН...

Зундгонд куд æй, уотемæй 2024 анзи цитгинæй бæрæггонд цæудзæнæй Цæгат Иристони сæдæ анзей бæрæгбон. Уой фæдбæл мах дæр нæ газети мухур кæнæн аллихузон æрмæгутæ – нæ республики автономий райрæзти цаути фæдбæл, уонæми хъазауатонæй архайæг адæймæгути туххæй. Æма абони æримисдзинан **Цæрикъати Дæхцихъой фурт Осмæни** (адæм æй уарзонæй Дзаге хониуонцæ) рохс ном. Е советон доги нæ адæмон хæдзаради искурдиадæгин разамонгутæй еу-инсæй анземæй фулдæр æнтæстгинæй бакуста республики сæйраг банки разамонæгæй. Куд разамонæг, уæдта куд адæймаг, уотæ хъæбæр цитгин адтæй адæми 'хсæн, цийни фæдбæл уа æви зиани фæдбæл, уæддæр алли гъуддаги дæр архайдта æновудæй, кæми багъæуидæ, уоми, æ бон ци адтæй, уомæй фæййагъаз кæнидæ. Уæлдай зæрдиагæй ба архайдта кæстæртæн сæ царди хабæрттæ аразуни гъуддæгути. Кæд рагæй нæбал æй адæми 'хсæн, уæддæр, ка 'й зудта, етæ ин абони дæр ма зæрдиагæй æ кой ракæнунцæ. Уонæй ба 'й базонунцæ нури æригон фæлтæртæ дæр.

Имисгæ ба 'й уомæ гæсгæ дæр кæнæн, æма аци анз æ райгурдбæл æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1903-1976). Цæрикъати Осмæни æма æ бийнонти туххæй æ рæстæги зæрдæмæдзæугæ æрмæг ниффинста зундгонд публицист Æгъузарти Саукуй, æма уой абони нæуæгæй мухур кæнæн 4-5-аг фæрстæбæл.



БЕТЕТИ Фатимæ, Сергей МЕНЯЙЛО, ЦÆРИКЪАТИ Оксанæ, ПЛАТИ Альбинæ.

# СÆРУСТУР АН ÆРИГÆНТТИ ÆСКЪУÆЛХТДЗИЙНÆДТÆЙ!..

Æрæги, Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Хъамбердиати Мисости номбæл паддзахадон премийæй исхуарзæнхгин кодта, аййевадон литератури аци анз æнтæстгин къахдзæфтæ ка ракодта, еци æригон лауреатти: Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети медиа коммуникацитæ æма журналистики кафедри хестæр ахургæнæг **Цæрикъати Оксани** дигорон æвзагбæл финст радзурд «Уидæ раздæр Иристони» æма Дзæуæгигъæуи 44-аг скъолай ирон æвзаг æма литератури ахургæнæг **Бетети Фатими** æмдзæвгити æмбурдгонд «Уалдзигон къæвдатæ» æма тæлмаци кустити туххæй.

Сергей Меняйло лауреаттæн зæрдтаг арфитæ ракодта æма хуарзбæл банимадта, æригæнттæ сæ исфæлдистади се 'ргом ке æздахунцæ нæ рагфидтæлти цардиуаги хабæрттæмæ, нури уавæртæмæ гæсгæ син цæстуарзон аргъ ке кæнунцæ, уой. Куд загъта, уотемæй евгъуд рæстæгути æцæгдзийнадæ бæлвурдæй нæ базонгæй исонибон зæрдæмæдзæугæй аразæн нæййес.Æ радзубандий ма загъта:

– Сумахæн бантæстæй уе 'сфæлдистади истори æма бæстæзонуни фарстатæ æнхæстæй равдесун. Сумах финсетæ, мах ба уин агъаз кæндзинан, ци гæнæн æма амал уа, уомæй.

Мадзали ма архайдта нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæ.**

**БÆРÆГБОНИ ФÆДБÆЛ АРФИТÆ**



# ЗÆРДРОХС УÆНТÆ НÆ ЦАРДИУАГИ БÆНТТÆ!..

*Æма бабæй нин ралæудтæнцæ нæ еугурадæмон цийни зæрдрохс бæнттæ – нæ цитгийнагдæр бæрæгбон Геуæргоба. Уой фæдбæл Цæгат Иристони Сæргълæууæг* ***Сергей Меняйло*** *дзиллæн уотæ арфæ кæнуй:*

*«Аци бæнтти мах зæрдиагæй æма нæ исонибони райдзастдзийнадæбæл федарæй æууæндгæй исковæн Дуйнесфæлдесæгмæ æма Уасгергимæ, фæккорæн си, цæмæй нæбæл ауода хуарз гъуддæгутæй, фарнæ, сабурдзийнадæ, нæ зонгити æма хеуæнтти æнæнездзийнадæй.*

*Аци зæрдтагон æма ирд бæрæгбони айдагъ нæ адæми æгъдæуттæ æма фæткитæ, æ гъæздуг уодварнон бунтæн нæ аргъ кæнæн, фал ма еугуремæн дæр сæ зæрдитæбæл æрлæуун кæнæн уой, æма гъæуама архайæн хуæздæр цардиуагæ аразунбæл, рæстæгмæ зиндзийнæдтæн фæразондæр, кæрæдземæн бухсагæдæр ун, цæмæй нæ фидтæлти рæсугъд æгъдæуттæ ни иронхуати ма уонцæ æма сæ æнхæст кæнæн тæккæ федауцæдæр хузи.*

*Аци вазуггин рæстæг мах Геуæргоба бæрæг кæнæн уæлдай æнкъарæнти хæццæ, нæ хуæрззæрдæ гъудитæй, зæрдибун кувдтитæй корæн сабурдзийнадæ æма фарнæ. Нæ лæхъуæнтæ абони æнцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ, нæ Фидибæсти æдасдзийнадæ гъæуай кæнунмæ бавналдтонцæ, æнцæ æхсаргин, сæ фидтæлти намуси аккаг бæгъатæрдзийнадæ æвдесунцæ. Æма Уасгергийæй сæрмагондæй кордзинан, цæмæй сæ тугъди будури гъæуай кæна, алкедæр си æ фидиуæзæгмæ, бийнонтæмæ уодæгасæй æма æнæнезæй куд исæздæха, уой! Нæ аци кувдтитæ нин фегъосæнтæ!..»*

* * *

*Геуæргобай бæрæгбони фæдбæл нæ республики дзиллæн арфæ кæнуй Парламенти Сæрдар* ***Тускъати Тайммораз*** *дæр:*

*«Аци бæрæгбон æнæгъæнæ къуæре бæрæг кæндзæнæнцæ Иристони беранацион бийнонтæ, е нин æй уодварни игурæнти æма нæ адæми хуæдбундор культури нисан, æвдесуй фæлтæрти бастдзийнадæ. Райгурæн зæнхæ уарзун æма ибæл æновуд ун, хестæртæн кадæ кæнун, хæстæгути хæццæ федар бастдзийнæдтæ дарун, кæрæдземæн аргъ кæнун – етæ 'нцæ нæ фидтæлти фарни фæдзæхститæ, нæ еудзийнади æма æнгомдзийнади федар бундор.*

*Геуæргобай бæрæгбони хестæртæ исковдзæнæнцæ Дуйнескæнæгмæ æма Уасгергимæ, кордзæнæнцæ си сабурдзийнадæ, Фидибæстæн деденæгкалгæ амонди уавæртæ, алли бийнонтæн фарнæ æма бæркад. Сæйрагдæр ба – не 'мзæнхонтæ сæрмагонд æфсæддон операцийæй сæ хæдзæрттæмæ дзæбæхæй æма æнæнезæй куд исæздæхонцæ, уой...»*

***Рæзи куст нæ республики æнтæстгинæй æнхæстгонд ке цæуй, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма Цæгат Иристонæй нæ бæсти алли рауæнтæмæ нерæнгæ бал æрвист æрцудæй 900 тонни заманай фæткъутæ. Тæккæ фулдæр нин нæ рæзæ агорунцæ Свердловски, Новосибирски, Вологодски облæстити, Башкортостани, цалдæр фæсарæйнаг паддзахадей фæлхасгæнгутæ.***

## АУОДУНДЗИЙНАДÆ



Нæ республикæ программæ «Æнцонвадуат фалдзос»-и ке архайуй, уой фæрци нæмæ инвалидтæн арæзт цудæй æма цæуй уавæртæ, цæмæй сæ бон уа испайда кæнун æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, æхсæнадон хуæлцади, социалон, културон æма æндæр объекттæй. Инвалидти цард æма се 'хсæнадон архайд рæуæгдæр ка кæнуй, уæхæн уавæртæ арæзт æрцудæй нæ республики 314 объектеми. Еци нисанæн 2022 анзи лæвæрд æрцудæй 5,3 миллион соми, аци анз ба – 10,5 миллион соми. Инвалидтæн æнцонвадуат уавæртæ ма арæзт цæунцæ базарадон устур центрти, цæрæн хæдзæртти тургъти, паркти, æхсæнадон æма фæлладуадзæн бунæтти. Уомæй уæлдай, инвалидтæ æнхæст æнцæ реабилитаций сæрмагонд фæрæзнитæй. Уой хæццæ ба ма ес, инвалидти уодæнцойнæн æнæмæнгæ райаразун ке гъæуй, уæхæн фарстатæ. Æма уонæбæл дæр куст цæуй.

## ÆРИГОН БИЙНОНТÆН



Цæгат Иристони идарддæр æнхæстгонд цæуй паддзахадон программæ «Æригон бийнонтæн фатертæ дæттун». Нуртæккæ кезуй лæуунцæ 1130 æригон бийнонти. Хигъд аразунцæ муниципалон оргæнтæ, анз имæ еу хатт æркæсунцæ æма 'й иснæуæг кæнунцæ. Кезуй æнгъæлмæкæсгутæн цæрæнуат раттуни туххæй аци анз программæмæ гæсгæ федералон республикон æма муниципалон бюджетæй еумæйагæй дехгонд æрцудæй 129,949 миллион соми. Программæн æ размæ ци домæнтæ лæууй, уони æнхæст кæнун не 'ййафуй, уомæн æма, нуртæккæ кезуй ка лæууй, еци бийнонтæн сæ фарста ралух кæнуни туххæй гъæуй 1 миллиард 605 миллион соми, æмæ уæд гъуддаг æнхæстгонд æрцæуидæ фондз-æхсæз анземæ.

## РАВГИТÆ ФÆЛЛАДУАДЗУНÆН



Цæгат Иристони «цаути туризм» иссæй ахсгиагдæр къабæзтæй еу. Туристти нимæдзæ, фари хæццæ рабаргæй, фæффулдæр æй 40 процентти. Аци сæрдæ фулдæр туристтæ бабæрæг кодтонцæ Дзивгъиси федар, Алайнаг Успенаг нæлгоймæгти моладзандонæ, Дæргъæвс.

Уæрæсейаг туристтæн сæ балцити цуппæрæймаг хай июнæй сентябрмæ адтæнцæ æнæкосгæ бæнтти. Еци бæнтти Цæгат Иристонмæ уолæфунмæ ахиддæр цудæнцæ Краснодари крайæй, Ростови облæстæй, Стъараполæй. Туристтæ Мæску æма Петербургæй республикæмæ 'рцæунцæ дæргъвæтиндæр рæстæгмæ – фондз боней æмгъудмæ. Цæгат Иристонæй уæлдай, туристтæ фулдæр кумæ цæунцæ, етæ 'нцæ Иркутск æма Мурмански облæсттæ, Хъæрæсе-Черкесий Республикæ, Адыгея.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

Акци «Багъæуай кæнæн нæ гъæдæ», зæгъгæ, уой фæлгæти Змейки станици ниййаразтонцæ сурх толдзи дууæ мин талайемæй фулдæр. Нæуæг гъæди фæзуат байахæста 2,6 гектари. Еци арфиаг куст бакодтонцæ Кирови райони гъæди хæдзаради косгутæ, Елхотти берæкъабазгин колледж æма Змейки дуккаг астæуккаг скъолай ахурдзаутæ.

Æдеугурæй фæззигон мæйти дæргъи ниййараэтонцæ аллихузон бæлæсти еуæндæс мин талай.

***

**Агротуристон парк «Иристони зæнхæ» – уотæ исхудтонцæ сæ нæуæг, цæмæдесаг объект агропромышленнон холдинг «Мастер-Прайм. Березка»-йи разамунд. Æрбунæттон æй 20 гектари фæзуатбæл Алагири райони Дзиуаригъæуи зæнхитæбæл. Инвестицион проект аразгути гъудимæ гæсгæ, анзи алли афони бунæттон цæргутæн, уæдта республики иуазгутæн дæр ами фадуат уодзæнæй фæлладуадзæн рæстæг пайдагинæй рарветунæн. Гъæууонхæдзарадон туризми райрæзтæн си арæзт æрцæудзæнæй æхсæз цæрæн хæдзари, æдеугурæй еци-еу рæстæг исиуазæг кæндзæнæнцæ 50 адæймаги.**

***

Уæрæсей æмкъайадæ исфедар кæнуни фæдбæл феддон (350 соми) ист нæбал цæудзæнæй. Уой хæццæ ба æмкъайадæ фехалуни фæдбæл феддон 650 сомемæй фæффулдæр уодзæнæй 1200 сомей уæнгæ. Уæрæсей статуправлений игъосункæнуйнагмæ гæсгæ аци анзи фондз мæйемæ нæ бæсти арæзт æрцудæй 265,3 мин къайади, ихæлд ба æрцудæй 277,4 къайади.

***

**Падзахадон Думæ исфедар кодта закъон, кæцимæ гæсгæ фæллойнæн федуни минкъийдæр бæрцæ 2024 январæй фæстæмæ фæффулдæр уодзæнæй, 18,5% æма исуодзæнæй 19242 соми. Уой фæрци, зæгъæн, 4,8 миллион адæймагей мизд дæр исирæздзæнæй.**

***

Программи ци 44 театр æма музейи архайунцæ, уони æфтуйæгтæ аци анз Цæгат Иристони исхизтæнцæ 35 миллион сомемæ.

«Пушкинаг картæ» æй банки сæрмагонд картæ æригæнттæн. Пайда си кæнунцæ æнæгъæнæ Уæрæсей, культурон мадзæлттæмæ билеттæ æлхæнгæй, Иристони 39600 адæймагемæй фулдæр. Хæрзтæ æхемæ есуй паддзахадæ. Картæ райсæн ес паддзахадон лæггæдти портали, хе кабинети курдиадæ бадæтгæй.

## НÆ ЦАРДИУАГИ АХСГИАГ ФАРСТАТÆ




# КУСТАГОРÆГ – АМОНДАГОРÆГ

***Уæрæсей куст дæттуни гъуддаг æ раздæри уагæбæл исаразуни туххæй ведомствити 'хсæн косæг къуарæн Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг Татьянæ Голиковай разамундæй ци æмбурд арæзт æрцудæй æрæги Мæскуй, уоми архайдта Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло дæр. Æ хæццæ ма си видеоконференцбастдзийнади хузи архайдтонцæ: нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг Плати Альбинæ, хецауади æнхæстгæнæг оргæнти разамонгутæ, республики кустуæтти минæвæрттæ.***

Ведомствити 'хсæн косæг къуар ци фарстатæмæ 'ркастæй, уонæн сæ сæйрагдæртæй еу адтæй нуртæккæ кусти бунæттæ дæттуни уавæр Цæгат Иристони. Сергей Меняйло æ радзубандий куд фæббæрæг кодта, уотемæй фæстаг дууæ анзи еци уавæр нæ æййевуй, иудадзуг имæ каст цæуй:

– Официалон кусти бунат кæмæн нæййес, еци адæми хай кæд 2020 анзи адтæй 15 проценти, уæд аци анзи сентябри ба – 9 проценти.

Сергей Меняйлой дзубандимæ гæсгæ, дзæвгарæ исирæзтæй республики хе хъауритæй архайæг цæргути нимæдзæ, аци бонмæ 'нцæ 38 мин адæймагемæй фулдæр. 2021 анзи райдайæнмæ хе хъауритæй архайæг граждæнтæ Цæгат Иристони адтæй дууæ мин адæймагемæй минкъийдæр. Е ма баханхæ кодта, нæуæг косæн бунæттæ исаразун, кусти лæуд адæми нимæдзæ фæффулдæр кæнун ке æй сæйраг нисан инвестицион проекттæ 'взаргæй:

– Республики фæзуати царди уагъд цæунцæ 41 инвестицион проекти, сæ еумæйаг аргъ – 66 миллиард соми. Етæ гъæуама раттонцæ туризм æма агропромышленнон комплекси 8 мин кусти бунатемæй фулдæр.

Æнтæстгинæй регион æнхæст кæнуй национ проект «Демографи»-йи федералон проект «Куст иссерунæн агъаз». 2020 анзæй нурмæ си архайдтонцæ 2723 адæймаги, сæ 85 проценти кенæ куст иссирдтонцæ, кенæ ба профессионалон архайди хъалон исфедар кодтонцæ. Фулдæр пайда кæнунцæ гид-экскурсовод, фестæгæйцæуæг туризми инструктор, хуæруйнаггæнæг, кондитер æма иннæ профессионалон цæттæдзийнади программитæй. Куст дæттун æма цæргути социалон гъæуайкæнуйнади министрадæ æнхæст кæнуй социалон контракти программæ. Æ архайгутæ – фæккæсуйнаг граждæнтæ. Программæ ци æртæ анзи косуй, уæдæй нурмæ социалон контракт адæми цардиуагæбæл хуарзæрдæмæ фæззиндтæй. 2021 анзæй нурмæ, паддзахади агъаз райсгæй, куст иссирдтонцæ еу мин адæймагемæй фулдæр, 1685 ба ма иссæнцæ амалгъонтæ, 922 хе агъазадон хæдзарæдтæ дæр райстонцæ социалон агъаз. Уомæй уæлдай ма 250 гъæути цæргутæн нæуæг косæн бунæттæ исаразун уодзæнæй программæ «Гъæуон фæзуæтти еумæйаг ирæзт»-и республикон проект «Гъæууон фæзуæтти нуриккон бакаст»-и агъазæй.

Сергей Меняйло ма радзурдта ахурадон уагæдæнттæ æма промышленнон кустуæтти æнгом æмгустади туххæй. Зæгъæн, фæстаг къуар анзи ахедгæ æвæрццаг рахастдзийнæдтæ исæвзурдæй компани «Норникель»-йи къуар: ООО «Норильскникельремонт» – агъазиаудæр берæкъабазгин цалцæггæнæн-арæзтадон кустуат, акционерон æхсæнадæ «Заполярный филиал» æма Хуæнхон-металлургон институти 'хсæн. Е æй Цæгат Кавкази еунæг уæлдæр ахурадон уагæдонæ, æ профилон студентти къуæрттæ еудадзугон бундорбæл æндæр регионмæ ка 'рветуй, æма си аллианз архайунцæ 300 студенттемæй фулдæр. Уоми практики фæсте еудадзуг косгæ байзадæнцæ 2700 рауагъдони.

Æхецæн ка косуй, æнæ хъалонтæ федгæй, уони нимæдзæ фæмминкъийдæр кæнуни фарстабæл дзоргæй, загъд æрцудæй, аци анзи январæй сентябрмæ регионни уæхæн цаутæ бæрæггонд ке 'рцудæй 8 минемæй фулдæр, уой хæццæ си раргом кодтонцæ 6 мин адæймагемæй фулдæр, гъома, 78,6 проценти – исбæрæггонд нимæдзæй.

– Æнæ хъалонтæ федгæй, сосæггай ка куста, уони исбæрæг кæнуни мадзæлтти фæрци нæуæг регистрацигонд амалгъонти, зæнхкосæг-фермерон хæдзарæдти æма хе хъауритæй архайгути нимæдзæ исхъæрттæй 4696 уæнгæ, – фæббæлвурд кодта Сергей Меняйло.

Хецæнæй регионни разамонæг æрлæудтæй республики астæуккаг æма уæлдæр ахурадон уагæдæнтти федæни дæсни специалисттæ цæттæ кæнуни фарстабæл. Е фæннисан кодта, профессионалон ахурадон уагæдæнттæмæ регионни бюджети фæрци ахурмæ ке райсунцæ, еци студентти нимæдзæ фæстаг дууæ анзи 40 процентемæй фулдæр ке фæббæрзонддæр æй. Фарæй нурмæ, республики хъæбæрдæр ка гъæуй, ахурадон уагæдæнтти 20 уæхæн нæуæг дæсниади байгон æй. Республикæ активонæй архайуй проект «Профессионалитет»-и. 2023 анзи байгон æй «Профессионалитет», «Барадæгъæуайкæнуйнадон архайд æма разамунд дæттуни гъуддаг», зæгъгæ, уæхæн æздæхти хæццæ. Регион райста грант профессионалитет «Ахурадæ» исаразунæн. Еумæ райсгæй, профориентацион кустбæл дзоргæй, республики Сæргълæууæг фæннисан кодта, регионни ке байгон æй 317 профилон æма 26 дæлпрофессионалон къласи. Бадзурдтæ финст æрцудæнцæ 52 æмгустгæнæгей хæццæ промышленности, гъæууон хæдзаради, арæзтади, культури æма аййевади къабази.

Æмбурди кæрони, хатдзæгтæ кæнгæй, Татьянæ Голикова Цæгат Иристони Сæргълæууæгæн байихæс кодта федералон æнхæстгæнæг оргæнти хæццæ еумæ бацæттæ кæнун «фæндагон картæ» республики куст дæттуни æма экономикæн профессионалон кадртæ цæттæ кæнуни туххæй. Документи гъæуама бæлвурдæй разинннонцæ гъæуагæдзийнæдтæ æма цæстуингæ мадзæлттæ республики кусти бунæттæ фæффулдæр кæнуни туххæй.

**Уæрæсей ракетон æфсæдти æма артиллерий Бон бæрæггонд цæудзæнæй 19 ноябри.**

*Нæ республики зундгонд адæймæгути цардиуагæ æвдесæг къарти равдист байгон æй Национ музеи. Æ исаразæг иссæй Æлборти Амиран, æма куд зæгъуй, уотемæй аци мадзал арæзт æй уæрдзæнæй цалдæр фæлтæрмæй. Æлбори-фурт ма куд зæгъуй, уотемæй гъавуй ауæхæн равдист ма республикæй еуварсдæр рауæнти дæр исаразун.*






# «ХУАРЗÆН ДÆР Æ ХУАРЗ УÆЛАРВÆЙ НЕ 'РХАУЙ...»

Нæ рагфидтæлтæн сæ зундираххаст æвдесæнæн нин ци берæ фæдзæхститæ байзадæй, етæ абони дæр, бæргæ, фæппайда уиуонцæ, раст сæ ку лæдæрианæ æма сæ ку æнхæст кæнианæ, уæд. Зæгъæн, мæнæ ауæхæн загъд: «Хуарз ракæнун удибæстæ æй!..» Æцæгæйдæр, адæймаг ести хуарз ку ракæнуй, уæд, фиццагидæр, æхе удæн куддæр фехцæуæн уй, уой хæццæ ба имæ фæззиннуй разæнгарддзийнадæ никкидæр ма ести хуарздзийнæдтæ исаразунмæ.

Уæлдай æхцæуæн ба е фæууй, æма уæхæн зурдираххаст ку фæббæрæг уй нæ кæстæрти удиконди.

Уомæ гæсгæ арфиаг æй, æгайтима нæмæ нæ абони цардарæзти уомæн ес берæ æвдесæнтæ. Зæгъæн, æрæги арæзт æрцудæй Цæгат Иристони регионалон фæсевæдон ахурадон форум «Хуарздзийнади академи». Архайдтонцæ си нæ республики фæсевæдон æхсæнадон æнæкоммерцион æма бархеуон организацити дæс æма дууинсæй минæвари. Æртæ боней дæргъи етæ архайдтонцæ интеллектуалон æма исфæлдистадон мадзæлтти, лекцити, фембалдæнцæ федералон æма регионалон экспертти хæццæ.

Форуми кусти архайдта нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз**. Æма уой игон кæнгæй, е æ радзубандий баханхæ кодта аци мадзали сæрмагонд ахедундзийнадæ:

- Аци форум ахурадонбæл хумæтæги нимад нæ цæуй. Ахурадæ 'й нæ цардиуаги гъæугæ гъуддæгутæн сæ еугурей райрæзти дæр сæйраг рахуæцæнтæй еу, æма еугур гæнæнтæй дæр пайда кæнун гъæуй профессионалон зонундзийнæдтæ райсунæн, ацъагъуæгиндæр кæнунæн. Уой хæццæ ба ма уой дæр лæдæрун гъæуй, æма нæ цард алливæрсуг æй, æма нæ рæстæг нин ци берæ æнхæсткæнуйнæгтæ агоруй, уони æхсæн сæйрагдæртæй еу æй æхсæнадон архайд, уомæ гæсгæ ба си алкедæр ин æнæмæнгæ гъæуама бунат иссера æхецæн, ихæсгин кæна æхе уоми исфæлдистадон æгъдауæй æскъуæлхунæй.

Æ радзубандий ма Тускъай-фурт куд фæббæрæг кодта, уотемæй нæ бæстæ рагæй нурмæ дæр бæрæг ке дардта æ хуæрзауодæни æгъдæуттæ æма фæткитæй, æма фæсевæдæн бафæдзахста, цæмæй бархеонти æзмæлди архайгæй, «ахур кæнонцæ хецæн адæймæгути цард æма архайди хабæрттæ æма сæхе карни райрæзтбæл архайди сæ хуарзæй фæнзонцæ, тундзонцæ уони хузæн лæгигъæдгун æма рæстзæрдæ унмæ...»

Форуми фæлгæти нæ бæсти адæми царди хуæрзгъæдæдзийнадæ фæхххуæздæр кæнунæн агъазгæнæг хъæппæрести Æхсæнадон премиан «МЫВМЕСТЕ»-йи регионалон къæпхæни уæлахезонтæн исаккаг кодтонцæ сæрмагонд премитæ. Уони син дæттгæй, Тускъати Таймораз загъта:

– Мæнæн хъæбæр æхцæуæн æй æхсæнадон архайд зæрдиагæй ка кæнуй, уонæн абони сæ удуæлдай фæллойни тухххæй зæрдиагæй арфæ кæнун. Абони мах хуæрзеугутæ кæмæн дæттæн, уони архайд уой æвдесæн æй, æма сæ куст ахсгиаг ке æй, не 'хсæнади æнæмæнгæ гъæугæ ке æй, сæйрагдæр ба – бæрæг æй, аци кизгуттæ æма лæхъуæнтæ цæйбæрцæбæл рæстудæй цæрунцæ нæ дзилли сагъæстæй.

Номинаци «Наций æнæнездзийнадæ»-йи бæрзонд аргъ кæмæн искодтонцæ, еци проекттæй еу арæзт æй æстæгути хъанз лæвар дæттуни пропагандæ æма Цæгат Кавкази федералон зилди цæргути 'хсæн Уæрæсей æстæгути хъанзи Национ регистр фæуурухдæр кæнуни нисанеуæгæй. Проекти разамонæг æй Цæгат Иристони медицинон академий цуппæрæймаг къурси студенткæ **Гиголати Ланæ**, проект царди рауадзунмæ ба ин агъаз кæнуй Хуæрзауодæн фонд «Быть добру».

– Донорти марафони фæрци республики цуппар адæймаги иссæнцæ æстæгути хъанзи донортæ, æртæ минемæй фулдæр ба гъавунцæ уæхæн донортæ исунмæ, – зæгъуй проекти разамонæг.

Номинаци «МЫВМЕСТЕ-Россия»-йи хуæздæр проекти 'хсæн – Хуæрзауодæн фонд «Быть добру», бархеуондзийнадæ «Кавкази бархеуон»-и Цæгат Кавкази фæрæзнити Центр.

Мадзали рæстæг ма æ архайгутæн фæцæй равгæ Тускъати Тайморазмæ нæ абони цардарæзти берæ аллихузон гъуддæгутæ æма хабæртти фæдбæл фарстатæ раттун æма син е дæр алкæмæндæр бæстон дзуапп равардта, уой хæццæ ба ма син бафæдзахста, сæ карнæ арæзгæй цæмæ бæллунцæ, етæ син цæмæй бантæсонцæ, уой тухххæй куд гъæуама архайонцæ, ци син уа гъæуама æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг.

Регионалон фæсевæдон ахурадон форум бархеуондзийнади къабази «Хуарздзийнади академи» арæзт цæуй 2021 анзæй фæстæмæ Цæгат Иристони фæсевæди гъуддæгути Комитет æма культури паддзахадон бюджетон уагæдонæ «Фæсевæди галауан»-и хъæппæресæй. Архайгæ ба си кæнунцæ 16-25-анздзуд фæсевæд.

Нæ рагфидтæлтæй ма нин байзадæй уæхæн загъд дæр: «Хуарзæн æ хуарз уæлæрвтæй не 'рхауй!..» Гъома, хуарз мæмæ æхуæдæг еу кæддæр фæззиндзæнæй, зæгъгæ, æнгъæлмæ кæсун нæ гъæуй, фал хе хъаурæ æма равгитæй æй аразун гъæуй. Æма нимади дæр уæд уодзæнæй...

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



Хуцау æ исконд изæдти хæццæ тæрхæнттæ кодта. Сæ унаффитæ ку рахастонцæ æма изæдтæ хæлеутæ кæнун ку байдæдтонцæ, уæд Хуцау еу голлагæ исиста æма 'й Мукалгабурмæ балæвардта:

– Аци дзæкъолæ райсæ, æцæг ин æ ком ма байгон кæнæ, уотемæй æй ехгун донмæ бахæссæ, дони арфмæ 'й багæлдзæ, уотемæй æй уоми ниууадзæ.

Мукалгабур голлагæ райста, фал имæ хъæбæр цæмæдесаг фæккастæй: ехгун дони ке гæлдзун кæнуй, е ка 'й кенæ ци 'й... Донмæ ку бахъæрттæй, уæд нæбал ниббухстæй, голлаги ком, никкæсон имæ, зæгъгæ, райхалдта. Æма саскъитæ æма ма цалдæр сау биндзи истахтæнцæ. Уой рауингæй, голлаги ком куддæртæ рабаста, уотемæй саскъитæ æма биндзитæ ахæссунбæл фæцæй. Еци рæстæг, голлаги ма си ка байзадæй, етæ дæр сæ тухамалæй ин æ ком фегон кодтонцæ æма еугурæйдæр ратахтæнцæ. Гъе уотемæй дуйне байдзаг æй адæмæн зæранхæссæг саскъитæ æма биндзитæй.

***

*Махбæл, Уæрæсей нури цæрæг дзиллæбæл дæр уæхæн цау æркодта. Фудцæстæ нæмæ ка даруй æма нæ бабун унмæ ка бæллуй, етæ минкъий нæ 'ндæ. Комкоммæ тухæй нæ басæттунгъон ку нæ иссæнцæ, уæд нæбæл хийнæй рацудæнцæ. Нæ къохти нин фæссагътонцæ бакастæй дессаги рæсугъд голлагæ. Мах имæ æрхицæ кодтан, фегон æй кодтан... Уордигæй ба нæмæ ратахтæнцæ аллихузон хъилматæ-гиризгæдзийнæдтæ... Æма нæ бунисæфт кæнунцæ – уойясæбæл сæрустур кæмæй адтан, нæ еци хуæрзæгдзаудзийнадæ фудуинд кæнунцæ...*



**Сергей НАРЫШКИН, Уæрæсей Федераций æндагон тъæхси Служби директор: «Монон æма иуонгдухæй тухгин адæймагæн тæссаг æй Европæмæ цæун, уойбæрцæбæл берæ си иссæнцæ æнæхъинондзийнæдтæ».**

***

Æма еци æнæхъинондзийнæдтæ фæууинунмæ ма Европæмæ ци цæуæн, кæд æма абони нæхемæ, Уæрæсей æгæр берæ дæр ма иссæнцæ. Кедæрти зæрдæмæ, ка 'й зонуй, цæунцæ, фал монон æма иуонгдухæй тухгин дзиллæ ба си æгæрдæр ма исгæ 'ндæ. Тухсунцæ, тæрсунцæ, нæ исонибон нин бустæги æлгъистаг ку исуа, уомæй.

**Дмитрий РОГОЗИН, сенатор, Калининград Кенигсберг исхонуни тухххæй эстойнаг депутатти фæндони фæдбæл: «Уæддæр аци прибалттæ нецæйиаг мехдунтæ куд адтæнцæ, уомæй æгириддæр нæ рабайлæгъдæр æнцæ...»**



***

Цæй фæдбæл æй æстуф? Калининград æй æма уодзæнæй уæрæсейаг сахар, æ номæвæрæн дæр Уæрæсей барæ 'й. Æма цидæр æцæгæлæнтти сæнттæ цæгъдунæй Уæрæсебæл неци зæран æрцæуздзæнæй. Куй ræйуй, херсæнтæ ба сæ цуди кой кæнунцæ. Æма еци рæйдмæ тингунтæ кæнуни бæсти сенатор æхе миутæмæ ку 'ркæсидæ – «Роскосмос»-и сæргъи уогæй, æ æдули миутæй цæйбæрцæбæл зæрантæ æрхаста, уони фудæй нæ бæсти еци ахсгиаг къабазæ нерæнгæ дæр ма æ кеми æрцæуунгъон нæма 'й...



**Франческо ГВИЧЧАРДИНИ (1483-1540), итайлаг политик æма историк: «Уотæ мæмæ кæсуй, цума а дуйнебæл рæузундæй лæгъуздæр неци ес. Уомæн æма рæузунд адæймæгутæ цийфæнди цъумур гъуддаги архайунæй дæр сæхе еуварс нæ раласдзæнæнцæ, саунгæ син мæлæтæй тæссаг ку уа, уæддæр. Уомæ гæсгæ уæхе еуварс ласетæ уæхæн адæймæгутæй...»**

***

Мах си нæхе еуварс бæргæ ласæн, фал нæмæ æрбахæстæг унцæ уæддæр ести хузти – кенæ депутатæй, кенæ хецаудзийнади бæрнон бунатмæ бабургæй, кенæ... Æма кутемæйти ба нин нæ байахæссунцæ, нæ цардиуаги гъуддæгутæ кæмитæй аразгæ 'ндæ, еци рауæнтæ. Уогæ уойиасæбæл æнарæхсгæ ба нæ фæуунцæ – сæхе гъуддæгутæ аразуни ацъагъуæй æнхæст æгæрдæр ма разиннунцæ.

## СОЦИАЛОН ФОНДИ ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ




***80 анзи кæбæл исæнхæст æй, еци пенсиесæгæн карæмæ гæсгæ фæдзæхстадон пенсий федаргонд хай федун æнгъезуй дувæр бæрцæй. 80 анзи кæбæл исæнхæст æй, еци еугур амунд пенси Цæгат Иристони есунцæ 28065 уæхæн адæймæги.***

Паддзахадæ ке исæвæруй, еци федаргонд феддон нимад æй фæдзæхстадон пенсий уæхæн зæрдæдарæн хайбæл. Аци анзи райдайæнæй нурмæ федаргонд феддони бæрцæ 'й 7567 соми. 80 анзи кæбæл исæнхæст æй, еци адæми карæмæ гæсгæ фæдзæхстадон пенсий бæрцæ æхцай амунд бæрцæй фæффулдæр уй.

# ФУЛДÆРГОНД ПЕНСИ

Пенсий бæрцæ нæуæгæй бахинцунцæ проактивон уагæй, гъома, Социалон фонди республикон хайадæмæ курдиадæ æрветун нæ гъæуй. Пенсий бæрцæбæл бафтаунцæ пенсиесæги райгурæн бонæй фæстæмæ æма анзи дæргъи фулдæргонд пенси ескæци бæрæгбæнтти хæццæ баст нæ фæууй. Адæймагбæл 80 анзи ци мæйæ исæнхæст уа, фулдæргонд пенси ин федун райдайунцæ, еци мæйи фæсте цæуæг мæйæй.

Феппайуйнаг: карæмæ гæсгæ фæдзæхстадон пенси ка есуй, феддонти бæрцæбæл бафтаунцæ айдагъ уæхæн пенсиесгутæн. 80 анзи кæбæл исæнхæст æй æма карæмæ гæсгæ социалон, кенæ дарæги фесæфтмæ гæсгæ пенси ка есуй, еци адæмæн феддони бæрцæ фæффулдæр кæнунмæ æнгъæлмæ кæсуни барæ нæййес. Фиццаг къуари инвалиддзийнади хæццæ адæймæгутæн дæр федаргонд феддони бæрцæ нæ фæффулдæр кæнунцæ, уомæн æма аци адæм нуриуæнгæ дувæр бæрцæй пенси есунцæ.

**Уæрæсей Социалон фонди регионалон контакт-центр: 8-800-200-07-81 (авдисæрæй цуппæрæни уæнгæ – 9.00 сахаттемæй 18.00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба – 9.00 сахаттемæй 16 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ).**

Сувæллони Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 20 ноябри. Уæ кæстæрти барæвдауетæ зæрдæхцæуæн гъуддæгутæй.

***Зундилæги æ ахургæнуйнаг бафарста: «Раст æй, æхца амондхæссæг нæ 'нцæ, зæгъгæ, еци дзубанди?..» Зундилæг ин равардта дзуапп: «Е раст æй. Æхцайæй балхæнæн ес хуæруйнаг, фал си хуæрди мондаг нæ балхæндзæнæ; хуастæ балхæндзæнæ, æнæнездзийнадæ ба – нæ; ихуæрститæ балхæндзæнæ,***



ЦÆРИКЪАТИ Османæн æма æ цардæмбал Лагкæ сæ кæстæрти хæццæ.

# ФÆЛТÆРÆЙ – ФÆЛТÆРМÆ



ÆГЪУЗАРТИ Саукуй
(1943–2013)
финсæг, публицист

КÆДДÆР Цæрикъати Дæхцихъо Цæголти Болай хæдзарæмæ минæвæрттæ ку барвиста, уæ кизгæ мæ фуртæн бийнойнагæн исаккаг кæнетæ, зæгъгæ, уæд си еу хабар æрцудæй æма 'й абони дæр чиколайæгтæ æримисунцæ. Æримисунцæ 'й кæстæртæн зæрдæбæл дарунæн, цæмæй ма иронх кæна, уомæн. Цæмæй не 'хсæн цæра, уомæн. Цæмæй адæймаги сагъæстæбæл бафтауа, уомæн.

Цæветтонгæ, Дæхцихъой фурт Османи зæрдæмæ рагæй цудæй Болай кизгæ Лагкæ. Æ мадæ Мисинкъа уой ку фегъуста, уæд бакатай кодта:

– Мæ хæдзарæбæл, æма е ба нур куд уодзæнæй: Дзагебæл еу къах нæййес, Лагки сæр ба æдзохдæр ресгæ кæнуй æма дууæ сæйги кудтитæ цæрдзæнæнцæ?

– Кæрæдзей ка лæдæра, уомæй нез дæр ледзгæ кæнуй, амонд ба имæ хæстæг цæуй, – загъта Бола æма аразий дзуапп равардта Цæрикъатæн.

Османæн (гъæубæсти æй Дзаге худтонцæ) æригонæй дæр алцæмæдæр хуарз арæхстæй, фал, е 'намондæн, æ рахес къахбæл цидæр æрцудæй, гъæуи дæснитæ ин аллихузон хуастæ фæккодтонцæ, фал ин сæ бон неци иссæй æма къуæргæ рауадæй. Уотемæй æ цард байеу кодта Лагки хæццæ. Дзубанди идæрдтæбæл цæуй, цубурæй ба уотæ зæгъæн: Чиколай абони дæр Османи æма Лагки рæсугъдæй æримисунцæ. Етæ кæрæдзей куд уарзтонцæ, æнæ кæрæдземæй цæрун куд нæ фæраztонцæ, сæхе фæндæуагæ фурт æма дууæ кизги куд исхастонцæ, царди тонхи сæ еци рæсугъдæй куд рауагътонцæ, етæ дæнцæгæн бæззунцæ абони дæр.

Абони дæр фæнзуйнаг æнцæ синхбæстæн, гъæуи цæргутæн, сæ дзилагæн, сæ ахилæн.

Цæрикъати Османæн Цæгат Иристони нимади лæг адтæй. Активон æхсæнадон косæг, патриот, адæмуарзон æма курухон хестæр. Адтæй кадгин æма дзурддзæугæ адæймаг. Устур аргъ ин кодтонцæ куд хецауадон косгутæ, уотæ фæллойнæгæнæг дзиллитæ дæр нæ республики. Æ фæсмæрдæ дæр уотæ – не 'ронх кæнуй æ кади ном. Фиди фарнæ ба мæрдтæмæ нæ цæуй, зæгъгæ, байзадæй нæ рагфидтæлтæй æмбесонд. Æма е æцæгæй уотæ 'й. Османи фурт Цæрикъати Маирбег æ фиди ном æма кадæ рæсугъдæй хæссуй. Абони Маирбег дæр бацудæй æ кари, æй курухон адæймаг, зингæ æхсæнадон æма исфæлдистадон косæг. Искурдиадæгин скульптор, хузæгæнæг, интернационалист. Объективон æгъдауæй æма рæсугъдæй æвдесуй е 'сфæлдистади нæ адæми рохс зæрдæ, хæлардзийнадæ æма цард.

Дæхцихъой фурт æхецæн кадæ æма нифси цæгиндзæ исамадта æ хъаури, æ зунди, æ фæразондзийнади фæрци. Æ размæ ци нисан æрæвæридæ, уомæ цудæй æндиудæй, æнæ фæстæмæ фæккæсгæй, фæразонæй. Куст царди фæрæзнæ ке æй, уой ин æ фидæ е 'взонг зæрдæмæ раги бауагъта æма 'й еу усмæ дæр нæ иронх кодта. Æ царди къæпхæнтæбæл фæлгæсгæ ку рацæуай, уæд базондзæнæ: æвддæсанздзудæй æхе байефтигъта æма косун райдæдта Дигори кооперативон цæдеси тукани хецауæй, уой фæсте бацудæй гъæуунхæдзарадон кредитон æмбаладæмæ нимайæгæй. Дигори æнхæстгæнæн округи финансон хайади хецауæй, ССР Цæдеси Дигори райони Паддзахадон банки консультант-пъланæвæрæгæй, уой фæсте ба аци банки разамонæгæй, уæдта 'й райййивтонцæ ССР Цæдеси Цæгат Иристони Паддзахадон банки хецауи хуæдæййевæгæй.

Еузагъдæй, банки цидæриддæр листæг куститæ ес, уони еугурæйдæр бакодта, æ фондз æнгулдзей хузæн сæ базудта, дес ин кодтонцæ æ арæхстдзийнадæ æма зонундзийнæдтæбæл. Уæхуæдтæ рагъуди кæнайтæ, Османбæл дууæ æма инсæй анзи ку цудæй, уæд æй иснисан кодтонцæ ССР Цæдеси Цæгат Иристони Паддзахадон банки республикон къантори хецауæй. Æригон финансти косæгбæл сæ цæстæ æрæвардтонцæ Мæскуй æма Иристони хецауадæ. Дес ин кодтонцæ æ разамонæги арæхстдзийнадæбæл, алли аразуйнаг гъуддаг дæр тагъд, афойнадæбæл æма æнæкъулумпийæй ке рахецæн кæнидæ, уобæл. Кусти медæгæ цæфсгæ æхседарфау адтæй, айдагъ æхе нæ, фал æ дæлбарæ косгути дæр аразта еци надбæл, æ зонундзийнæдтæбæл нæ аурста. Æ зæрди гъарæй тавта хеуæнтти дæр æма æндагонти дæр.

Æ берæ хъиамæттæбæл берæ дзорæн, берæ финсæн ес. Османæн ци æртиндæс æма æртинсæй анзи рацардæй, уоми ниууагъта арф фæд, рæсугъд фæд æма еци фæд абони дæр рохс кæнуй, æ фæсте ци бийнонтæ ниууагъта, уони фæрнæйдзаг нæдтæ. Æхуæдæг æ байзæдтæгтæбæл куд тухстæй, уомæн æрхæсдзинан айдагъдæр еу æвдесæн.

Нæ бæстæбæл тогуарæн ку 'ркодта, немуцæгтæ мæнгардæй нæ бæстæмæ ку лæбурдтонцæ, уæд адæми хуæздæртæ тугъди будурмæ рандæнцæ. Знаг нæ къæсæрмæ куд хæстæгдæр кодта, уотæ Цæрикъати Османæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй, республики банки цидæриддæр мулк æма хæзна ес, етæ еуварси æфснайд куд æрцæуонцæ, фудголи къох сæмæ ма бахъæрта.

Еци ихæс Османæ рæсугъдæй, æнаййеппæй, кади хæццæ исæнхæст кодта. Банк ласт æрцудæй идард рауæнмæ, сахар Уральскмæ. Ами ци бæнттæ æма мæйтæ рарвиста, е бæрæг æй сæхемæ, Чиколамæ ци финстæг æрæрвиста, уомæй дæр. Ниффинста 'й 1942 анзи 20 августи. Ци берæ гурусхитæ æма гузавитæ исæвзурдæй æ зæрди, уони ракодта æ еунæг бундар, æ фурт Маирбегæн. Еци финстæг абони дæр Цæрикъатæ дарунцæ устур хæзнайау æма ин æ кой ку нæ искæнæн, уæд е раст нæ уодзæнæй. Уомæн æма аци финст кæсгæй адæймаг аллихузон сагъæсти бацæуй, муггаги фарнæ цæмæй федар кæнуй, кæстæр хестæри фæдзæхст ци хузи æнхæст кæнуй, еци фæззелæнтæ ами бæлвурд æвдист æрцудæнцæ. Цубургондæй æй хæссæн уæ рæнгъæмæ æма ин аргъ ба уæхуæдтæ искæнетæ.



ЦÆРИКЪАТИ Маирбег

## ФИДИ ФÆДЗÆХСТ

«МАИРБЕГ! Куд зонис, уотемæй мæ фидæ Дæхцихъойæн адтæй цуппар фурти æма дууæ кизги. Ирæзтан, гъомбæл кодта зин уавæрти. Берæ гъæуагæдзийнæдтæ адтæй нæ царди. Нæ мадæ Фаризæт, мах ку ниххуссун кæнидæ, уæд æхсæвæй-бонмæ нæ бафунæй уидæ, нæ кунауæггаг хъæппæлтæ нин нихснидæ, иссор сæ кæнидæ, туй сæбæл ниввæридæ æма сæумæй кæдзосæй ка кустмæ, ка ба скъоламæ рандæ уидæ. Ку исирæзтан, косунгъон ку фæцан, нæ ниййергутæ ку рамардæнцæ, нæ зин цард ба уæд райдæдта. Алцæмæдæр гъæуагæ æййафгæй, нæхебæл нæ аурстан, кусти тумугъи бацудан æма нæхе хъауритæй адæми рæнгъæбæл æрлæудтан. Кæд цийфæнди уæхери цард кодтан, уæддæр еске мулкмæ, паддзахади есбонмæ некæд бахицæ кодтан. Еске хъиамæтмæ багъавун мæнмæ кæсуй еугуремæй устурдæр фудракæндæ, ходуйнагдзийнадæ. Ходуйнагæй цæруни бæсти ба мæлæт хуæздæр æй. Мах беретæ дæнцæгæн хастонцæ гъæубæсти, нæ хуарзи кой игъустæй. Хуарз ба алкæддæр цæуй кустæй, раст зæрдæй, кæдзосуодæй. Æма, Маирбег, гъе уæхæн цардмæ бæллæ, дæ кæстæрти дæр уобæл ардауæ. Мæ финст кæсгæй, æвæдзи, гъуди кæнис, аци дзубанди кæми гъæуй, зæгъгæ. Æма, биццеу, ка 'й зонуй, раст дæ, уой туххæй æма нур устур дæ, ахургонддзийнадæ ба дæмæ мæнæй фулдæр ес, фал царди æрфити ба нæма банакæ кодтай дæ фиди хузæн, æма дин уомæ гæсгæ фæдзæхсун, уосиат зæгъун мæ нæ фæндуй, мах ма еумæ берæ фæццæрдзинан, айдагъ аци уæззау бæнтти, нæ хорæфсес Кавказмæ знаг ку лæборуй, уæд нæ гъæуй хъæбæр байархайун, цæмæй нæ реугудуртæй фиди зæнхæ багъæуай кæнæн.

Куд рауайдзæнæй, е абони зин базонæн æй. Фембæлдзинан ма æви нæ, куд зæнæги хестæр, уотæ дæумæ дзорун, цалдæр загъди кæнун мæ дæуæн фæндуй. Дæ мади хæццæ фæццардан æвддæс анзи æма еци рæстæги кæрæдземæ зуст дзурд некæд искодтан, кæрæдзей лæдæрдтан, кæд цийфæнди мæгур цардан, уæддæр адтан æмзæрдæ, æмвæндæ. Зонис æй, æ сæр куд фæрресуй, уой. Зоя æма Оляйæн зæгъæ æма имæ уæ цæстæ даретæ, маст имæ ма 'руадзетæ, агъаз ин кæнетæ. Куст уæхецæй ма рауагътæ, зонетæ, косгæ ка кæнуй, е æгадæ некæд уодзæнæй. Ескæмæй коруни бæсти, хе хъаурæй цæрун берæ хуæздæр æй æма уой алкæддæр дæ зæрдæбæл дарæ, биццеу. Уой хæццæ ба адæми уарзæ, гъæуама дин уа берæ лимæнтæ, лимæнтæ ба уæхæнттæ æма æгъдау кæмæ уа, æфсармæ ка лæдæра, косун ка уарза, ахурбæл æхцул ка уа.

Ниуазгæ ке нæ кæнис, уой зонун, фал дин ами дæр фæдзæхсун: кæд уотæ гъуди кæнис æма ниуæзтæ устур фидбилиз нæй, мæнæ нæхе Дзаге дæр раниуазуй æма æ кадæ дæлæмæ нецæмæй хауй, зæгъгæ, уæд хъæбæр рæдуйис. Ниуæзтæ 'й адæймаги цифуддæр знаг æма æ фæдбæл расайуй æнæфæууингæ бæлæхтæ, берæ фудраконд гъуддæгутæ. Уомæ гæсгæ дин карзæй зæгъун: ниуæзти фалдзостæ макæд æрлæуæ, мæ карæмæ ку исхъæртай, уæдта 'й дæхуæдæг лæдæрун байдайдзæнæ. Нур ба мæ фæдзæхст дæ зæрди арф ниввæрæ æма 'й æнхæст кæнæ федауцæй.

Алкæддæр игъосæ хестæртæмæ. Етæ дæ араздзæнæнцæ раст надбæл. Дæ мади загъдбæл

*хæлæрттæ ба – нæ; силгоймæгтæ балхæндзæнæ, уарзондзийнадæ ба – нæ; ахургæнгутæ балхæндзæнæ, зунд ба – нæ; хæдзарæ балхæндзæнæ, амонд ба – нæ; аллихузон ерхæфсæнтæ балхæндзæнæ, цийнæ ба – нæ. Нур ке ранимадтон, уонæбæл ма берæ цидæртæ бафтауæн ес...»*



дууæ макæд зæгъæ. Дæ зæрдæбæл дарæ: уомæн æ хъæболтæй хъазардæр неци ес аци зæнхæбæл æма сумах цæрайæй цæруй. Гъæуай æй кæнетæ, незæй æнæнез нæй, æма ин æ къох фæррæуæг кæнунбæл архайетæ. Ду æма дæ кæстæртæ фæнзуйнаг ку уайтæ алли гъуддаги дæр, уæд дæ мадæн æ незтæ фесæфдзæнæнцæ. Еци гъуддаг, куд бийнонти хестæр, хъæбæрдæр дæуæй кæнгæ 'й æма дæхебæл ма ауæрдæ.

Ахури туххæй. Аци уæззау бæнтти алцидæр фронтæн гъæуй, скъолати нуртæккæ нæ ахур кæнунцæ, фал дин рæстæг фæцæй, уæд киунугутæ кæсæ. Куд фулдæр, утæ хуæздæр. Дæ кæстæрти дæр уобæл аразæ. Дæ рæстæг дзæгъæли ма исафæ, гъæунгтæбæл устурзæрдæ уо. Зонæ, аййевадæ ке уарзун æма лæдæрун, уой æма мин æхцæуæн æй, ду еци устур искурдиадæй хайгин ке дæ æма дæ уæгъдæ рæстæг еци гъуддагбæл харз кæнæ.

Æгæр берæ финсун, фал мæ финсти сæр е æй, цæмæй сумах, уæдта сумах цæуæт лæуд уайтæ раст надбæл, уайтæ амондгун, хъаурæгин, рæстзæрдæ. Æз фæнзун мæ уарзон фидæ Дæхцихъой, е дæр, æ кæстæртæн, махæн, утæ фæдзæхсидæ.

Маирбег! Исбæззæ дæ фидæн фуртæн, уо аккаг, никки хуæздæр, никки кадгиндæр. Ахур æма ахур, еци надбæл аразæ Зоя æма Оляй дæр, Лагки зæрдихудти ба макæд бацо. Уæ мадæ 'й æма ин авгау æрхаунæй тæрсетæ. Æз мæ цардi, кæд ма цæрон, уæд некæд феронх удзæнæн сумах, мæхе удау уæ уарздзæнæн, ка 'й зонуй, ку фæххецæн уæн, ку нæбал исæмбæлæн, уæдта мин мæ фæдзæхст дæ зæрдæмæ арф райсæ æма 'й исæнхæст кæнæ. Фал ми уæддæр æруагæс кæнуй: тагъд цард фæстæмæ æ бунат иссердзæнæй, кæрæдзей фæууиндзинан, еумæ цардæй бафсæддзинан. Мæ зæрдæ уин зæгъуй даргъ æма деденæгкалгæ цард.

*Уæ уарзон фидæ Дзаге.*
*Маирбег! Аци финст бакæсæ Зоя æма Оляйæн, уæдта Лагкæн дæр.*
*Сахар Уральск, 1942 анз, 20 август».*

## ФУРТИ ИХÆС

УÆДÆЙ ардæмæ берæ рæстæг рацудæй, берæ дессæгтæ æма тæмæстæ æрцудæй. Османæн исæздахтæй Иристонмæ. Ци банк багъæуай кодта, уоми нæуæгæй разамонæгæй косун райдæдта æма си фæккуста пенсимæ рацæуни уæнгæ. Кадгин лæгæй фæццардæй адæми 'хсæн, æ хъиамæттæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ «Фæллойни Сурх Турусай», «Кади нисани» ордентæй, берæ майдантæ æма Кади гæгъæдитæй, аллихузон хуæрзеугутæй. Цалдæр хатти æй равзурстонцæ районы, сахари æма облæсти партион оргæнтæмæ. Æ дæсниадæбæл исахур кодта берети.

Айдагъдæр æрхæсдзинан еунæг зæгъуйнаг, æрæги уæнгæ РЦИ-Аланий Национ банки Сæрдари хуæдæййевæг Туати Тини дзурдтæ:

– Мæ профессионалон цард и карни Цæрикъати Дæхцихъой фурт Османæн байахæста устур бунат. Финансон техникум каст ку фæдтæн, уæд кустмæ бацудтæн ССР Цæдеси паддзахадон банки Цæгат Иристони республикон къанторæмæ. Æ хецау мин лæмбунæг кастæй мæ архайдмæ, кæми гъудæй, уоми мин цæстуарзонæй агъаз кодта, уæдта мæ рарвиста Ростови адæмон хæдзаради институтмæ æма 'й фæсауунмæ каст фæдтæн, уой фæрци исдæн банки дæсни косæг æма абони сæрустурæй мæхе нимайун Дæхцихъой фурт Османи ахургæнуйнагбæл».

* * *

Осмæни бундар Маирбег уæддæр куд исæнхæст кодта æ фиди фæдзæхст? Рæсугъдæй, æнаййеппæй, федауцæй. 1976 анзи зумæги Османæ æ адзали надбæл ку ниллæудтæй, уæд фæдздзурдта æ фуртмæ æма ин фæлмæн гъæлæсиуагæй загъта:

– Еухатт дин ци ниффæдзахстон, уони уæлдайгунæй исæнхæст кодтай. Дæ мади зæрдихудти некæд бацудтæ, дæ кæстæрти раст надбæл исаразтай. Цард утæ æрзилдæй æма дин дуккаг хатт фæдзæхсун багъудæй. Кæддæр дин ке загътон, уой дин зæгъун нур дæр. Бийнонти фæккеун ма баудзæ, мæ бæсти син фидæн бæззæ... Æнæ зæрдæдзоргæй цæун... Æуæндун дæбæл... Османи фæсте ма Лагкæ фæццардæй инсæй анзи. Æ хъæболти хъæболти ма фæррæвдудта. Æ кизгуттæ Мæскуй цæргæ байзадæнцæ. Зоя равзурста æ фиди дæсниадæ, каст фæцæй финансон-экономикон институт, ес ин кизгæ æма биццеу. Оля дæр фæцæй Мæскуй паддзахадон университети журналистики факультет. Куста центрон мухури. Берæ æнзти дæргъи адтæй газет «Пионерская правда»-йи бæрнон секретарь. Е дæр æй дуæ сувæллоней мадæ. (Гъулæггагæн, дуæ хуæри дæр абони цардæгас нæбал æнцæ, рохсаг уæнтæ, нæ Исфæлдесæг син дзенети удæнцойнæдæр бунæттæ исаккаг кæнæд...)

Маирбег Иристони, уæлдайдæр аййевади косгути 'хсæн исæй игъустгонд лæг. Æ фидæ ин цидæриддæр ниффæдзахста, уонæй дæлвæд неци ниуугъта. Æ мадæн дæр, æ кæстæртæн дæр хуми галау урдуг фæллæудтæй, æ бон ку нæ исфагæ уидæ, уæд сæбæл е 'хсæвæй бафтауидæ æма некæд неке зæрдихудти бацудæй.

Цардæмбалæн байагурдта Басити Тамари. Е дæр Мæскуй Паддзахадон университети райста журналисти дæсниадæ, фæккуста дзиллон мухури фæрæзнити, адтæй журнал «Блокнот агитатора»-йи редактор. Маирбег æма Тамарæн ес фурт Алан, æй дохтир. Сæрустурæй фæззæгъуй æ бабай ном æма ескæд еу хатт бакæсуй, æ фидæмæ ци финстæг исæрвиста Уральскæй, уой æма ин æвдадзи хуасау фæууй.

Маирбег æхуæдæг каст фæцæй Мæскуй декоративон фæлундунади аййевадон институт. (Московский институт декоративно-прикладного искусства). Куста наукон косæгæй, скульптурон хайади хецауæй, сæйраг хузæгæнæгæй, уæдта исæздахтæй Иристонмæ æма 'й иснисан кодтонцæ республики аййевадон Фонди директорæй. 1970 анзи иссæй ССР Цæдеси хузæгæнгути Цæдеси иуонг. Дæс анзей фæсте æй исæвзурстонцæ Цæгат Иристони хузæгæнгути Цæдеси сæрдарæй æма си бакуста дзæвгарæ рæстæг.

Маирбеги хъиамæттæ уоййасæбæл берæ 'нцæ, æма сæбæл еуц очерки дзурд нæ фæууодзæнæ. Æ хуæздæр куститæй цалдæр исаразта Дзанæгати Чермен æма Санахъоти Сергейи хæццæ. Сæ еу - Иристон Уæрæсей хæццæ ку байеу æй, уæд уой кадæн Дзæуæгигъæуи ци циртдзæвæн æвæрд æрцудæй, е. (æ къарæ ин мухур кæнæн мæнæ дæлдæр). Исаразта, мæздæггаг тугъдонтæй Устур Фидибæстон тугъди рæстæги Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, уонæн номерæн циртдзæвæн. Æ исарæзт уæхæн номерæн циртдзæвæн æвæрд æрцудæй Къостай гъæуи дæр. Нæ Иристони зундгонд æма кадгиндæр лæгтæй дæсей сорæттæ бауагъта дори æма син абони дæр фæууинæн ес аллихузон равдистити. Нæ феронх кодта æ фидæ Османи дæр. Уомæн исаразта æ барельеф æма сагъд æй нæ республики Национ банки агъунсти фарсбæл.

* * *

***РЕДАКЦИЙÆЙ.** Аци æрмæг финст æрцудæй 2007 анзи, Цæрикъати Маирбег ма уæд цардæгас адтæй, æма Æгъузарти Саукуй æ очеркæн искодта мæнæ ауæхæн кæронбæттæн: «Маирбег æ карæмæ гæсгæ кæд æ фидæй дæр, æ фиди фидæй дæр фæххестæр æй, уæддæр ин етæ 'нцæ надамонæг стъалутæ, етæ ин рохс кæнунцæ æ зæрдæ, уонæй æй сæрустур. Æруагæс си кæнуй: фурти ихæс æнæдзебæлæй исæнхæст кодта. Æма Хуцау уæхæн амонд раттæд, фидæй фурти уæнгæ кадæ куд некæд исæфа, рæсугъдæй-рæсугъдæр, арфæй-арфдæр куд кæна æма кæддæриддæр куд нæра!..»*

*Гъулæггагæн, Маирбег абони не 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд, нæ Исфæлдесæг ин исаккаг кæнæд дзенети тæккæ уодæнцойнæдæр рауæн... Уой ба ма зæгъуйнаг ан, æма кæд еске æ фиди кади аккаг разиндтæй æма ин æ ном цитгиндæр кодта æхе арфиаг гъуддæгутæй, уæд уонæн сæ фиццæгтæй еу адтæй Цæрикъати Османи фурт Маирбег дæр...*







*Дууинсæй анземæй фулдæр Цæрикъати Османæ фæккуста ССР Цæдеси Паддзахадон банки Цæгат Иристони республикон къантори разамонæгæй. Æма æ хъазауатон фæллойнæн ин аккаг аргъ кæнгæй æ номерæнæн нæ республики нури Национ банки агъунсти фарсбæл æвæрд æй мемориалон мраморон фæйнæг, кæций, нæкæси, кæнгæ ба искодта æ искурдиадæгин фурт Маирбег.*



***Станислав ГОВОРУХИН (1936-2018), кинорежиссер, æхсæнадон архайæг: «Мæнмæ гæсгæ, не ‘хсæнадæ, нæ лæдæруй, культурæн æ ахедундзийнадæ хъæбæр агъазиау ке æй, уой. Культурæ гъæуама экономики разæй æвæрд уа. Адæми интеллектуалон æма уодварни æмвæзадæ нæмæ бустæги ниллæг рауæнмæ ‘рхаудтæй, æма гъæуама тæккæ***



# ГАДАТИ Константин:
# «ИСУОДЗÆНÆЙ НÆ ЦАРД ЕУГУР ДЕССАГ, УОДЗИНАН НÆ ЦÆУÆТÆЙ БОЗЗАГ...»

***Гадати Константин райгурдæй Мæскуй 1967 анзи. Æ фидæ айдагъ Иристони æма Уæрæсей нæ, фал æнæгъæнæ дуйнебæл дæр игъустгонд скульптор. Гадати Тазей фурт Лазæр, æ мадæ – сувæллæнтти дохтир. Константин каст фæцæй Мæскуй В.И. Ленини номбæл паддзахадон педагогон институти филологон факультет. Службæ кодта Советон Æфсади рæнгъити. Куд равдиститæмæ цæстдарæг, уотæ архайдта берæ аййевадон галерейти хæццæ, цæттæ кодта аллихузон видеоархивтæ. Уой уæлæнхасæн ма нимад цæуй дæсни режиссер æма сценаристбæл. Æ уадзимистæ мухури цæунцæ журналтæ: «Новый мир», «Дружба народов», «Знамя» æма æндæр мухури оргæнти. Æй æмдзæвгити фондз æмбурдгондей автор. «Опыт счастья», «Июль», «Сквозь тусклое стекло», «Пел на уроке», «Вокматсо». Æ фиди устур искурдиади фарнæй æнæмæнгæ хайгин уогæй нуртæккæ архайуй Лазæри аййевадон æрмадзи музей исаразунбæл. Нæ зæрдæ дарæн, Константин идарддæр федар исфæлдистадон бастдзийнæдтæ ке дардзæнæй Иристони хæццæ, уобæл. Нуртæккæ ба бал ин мухур кæнæн æ хецæн уадзимистæ дигорон æвзагмæ Къибирти Амурхани тæлмацгондæй.***

* * *

*Деденæфтуд тюльпантæ,*
*Куд æнцæ уæ пъæлантæ?*

*Тюльпантæн мин сæ загъд:*
*Некумæ кæнæн тагъд.*

*Рафтаудзйан деденæг,*
*Бауодзинан минæг.*

*Æнгъæлдæн ‘ма, тюльпантæ,*
*Еу æнцæ нæ пъæлантæ.*

* * *

*Фæцæй зумæг – Хуцауæй боз.*
*Тундзуй уалдзæг – дæттуй цъæх рохс*
*Æзмæлд, æуууæнкæ, рæуæгадæн.*
*Алли ‘рттевагæ деденæг,*
*Сифæ, дуйней рохс фæуууинæг,*
*Еугур хæссунцæ царди адæ.*

*Велой цалхи дæндæгти ‘рттивд.*
*Хъумтæ æма цæсгæмтти уинд.*
*Хъургъахъ мæнæн нæ йæй рæуонæ.*
*Бæлвурд, æгæр карз æй мæ уад,*
*Хаттгай нæ раргъæвун мæ над…*
*Æваст еу æведзуд рауæни,*

*Дæргъæй и зæнхи пъæстубæл,*
*Растдæр хирурги æстъолбæл,*
*Халони ‘хсид бæлæу растæфтæн.*
*Вело фæуууорæдтон цæхгæр,–*
*Лæуун æ сæргъи ‘ма куддæр,–*
*Царди æцæгадæй фестъæлфтæн.*

* * *

*Хуар итауæнти хумон*
*Хуари хуарзæнхæн ковуй.*
*Ци истиллæг уа муггаг*
*Къинди зæнхæй уой коруй.*

*Надмæ æрхауæг нæмуг*
*Нади амæттаг бауй.*
*Ис си едзуй и маргъ дæр, –*
*Дзæбæх имæ æрхауй.*

*Дормæ ниттулæг нæмуг*
*Бахускъæ уй уæлгъæдæй.*
*Хъамили хæццæ ‘стохун*
*Нæ бауй æ бон,дæдæй!*

*Нирræмодзуй нæ хумон*
*Бæрзонд тиллæг лæгдухæй.*
*Ес дуйнебæл уогæ ба*
*Лæги фæндон зæнхи хай?*

* * *

*Кумæ мæ?..*
*Сæйгæдони къаласки*
*Дзæнгъар-мунгъургæнгæ,*
*Еу къорпусæй иннемæ*
*Ралас – балас кæнун мæ фиди.*

*Хуссуй, тухсуй.*
*Бæлæстæ ‘ма арви хузæн*
*Цъæх-цъæхидтæ æмбæрзæни буни.*

*Ейæ –æхсаргин цардæй бацæрæг,*
*Кæсуй нур, сувæллонау,*
*Бæлæстæ æма арвмæ, –*
*Катайгæнгæ, æгудзæгæй.*
*Къаласки дæгæрна ин*
*Карздæр кæнуй æ рист*
*Æма,тæрегъæддаг хузæй,*
*Кæсуй æмбæрзæни бунæй.*

*Кумæ мæ?..*
*Дууæ æставд цæстисуги*
*Ферттивтонцæ æ цæстити,*
*Фал не ‘ртагъдæнцæ.*

* * *

**Нарти дуйне,*
*Æрхунадæ кæми нæййес,*
*Кæми нæ ‘нцæ тохун мондаг…*
*Фæззæг ба си цихузон æй?*
*Махмæ куд, уотæ?*
*Ами, ку калуй фæззæг тæмæнтæ,*
*Æнкъосуй хæрести думгæ.*
*Хор нæбæл кæнуй табедзæ …*
*Мах мæнæ ан – мæ бийнойнаг,*
*Мæнæ – нæ сабийтæ.*
*Уинис нæ ду?*

*Кенæба ин ци загъдæуа!..*
*Сæ уорс дарæс мети хъæпæнау кæми ‘й,*
*Еци дуйнейи ци ‘нгъæлæн?*
*Гъо,фал нин уæддæр зæгъай,*
*Гæр,фиццагау, нæбал исуодзæй нæ бон,*
*Евгъуди миутæ имисгæй,*
*Къæл–къæлæй ходун.*
*Нæбал нæмæ æрæздæхдзæй*
*Еци дессаги Хуцауи исконд бон?*
*Игъосис нæ?*

*Ра идард ан кæрæдземæй …*
*Нарти дуйне, ку нæ си ес;*
*Хуæрун вæткæ, ходун вæткæ.*
*Æдафст ку æй æ уорс дарæс.*
*Тæходуйтæ, хуæд еунæг хатт*
*Ку ма нæбæл никкодтайдæ*
*Идзулæн бон цæлхæмбурдæй!*

*нарти дуйне – уотæ хониуонцæ хестæр адæн мæрдти бæстæ

ОПТИМИСТОН

*Хуæздæргæнгæ цæудзæй царди уагæ,*
*Фæндондæр – нæ бадæн, нæ лæуууæн.*
*Ердзæнæнцæ мадзал зундгин адæн, –*
*Уодигъæдæй хуæздæр куд фæуууæн.*

*Фæййегъаудæр уодзæй арæзтадæ.*
*Бæрзонддæр – нæ тиллæги æрхаст.*
*Лæмбунæгдæр кæндзæй ахурадæ,*
*Уодзæнæй топпихуасæ тухуаст.*

*Исуодзæнæй нæ цард еугур дессаг.*
*Уодзинан нæ цæуæтæй бознаг.*
*Финсти уаг кæндзæнæй цæмæдесаг,–*
*Фæуууодзæй арфдæр гъуди хæссæг.*

*Нæ Хуцауи хаййæн, табугæнгæ,*
*Тæккæ хуæздæр зартæ зардзинан.*
*Æппунвæстаг, сугъдæг сæйгæдæнтти*
*Æнцонæй нæ мæлæт ердзинан.*

*Хуцауæй арази,–*
*Нурма цардæгас дæ.*
*Дæ уаргъ ма фæрази.*
*Ци хъæбæр истарстæ,–*
*Фидæ ку дæ, лæг!*

*Гъай-гъайдæр, зумæги*
*Уодзæнæй уазалтæ,–*
*Ковдзинан Хуцаумæ.*
*Имисдзинан сæрдæ.*
*– Æндæр некуд гæнгæй!*



* * *

*Атт, фæцæй рохс сæрдæ.*
*Цард дæр фæуунйау æй…*
*Мæтъæл æй мæ зæрдæ,–*
*Мадта куд унйау æй?*
*– Рандæ, ци ниттухстæ!*

*Фæззæг æрхунæг æй,–*
*Фулдæр кæун зонуй.*
*Е ‘сконд а дуйнейæн*
*Æгæр мæнгæфсон æй…*
*– Бухсун уæд дæ хуасæ!*

* * *

*Æреу æнцæ мæ хъазар хецæнттæ*
*Æведзуг, æнцой рæзбуни.*
*Имисунцæ сæ евгъуд,сæ сæнттæ*
*И мæйрохсмæ, арви буни.*

*Ка ес нуртæккæ уонæй хъалдæр.*
*Мæйæ дæр сæмæ идзулуй.*
*Хæстæг – денгизи рацæхъалтæ*
*Зарау гъостæбæл азæлуй.*

*Феронх кодтонцæ æрхун бæнттæ,*
*Сæ кæрæдзебæл уозæлгæй.*
*Ц’ адтæй сæ фунти, ци дессæгтæ –*
*Уони уинунцæ асæгæй.*

*Агагæл уогъуллу, харакет,–*
*Нæ батавгæй неке уадзуй.*
*Ивулуй æ арми берекет;*
*Адгинæй хуæрæ, ниуазæ.*

*Иссæнцæ син зæнхон хуæрзтæ – гæлстаг.*
*Æй уоди рохс ерун сæ дес.*
*Раздæхтмæ нæбал ес рæстæг.*
*Нæ, нæбал ес рæстæг…Нæййес.*

* * *

*Æруардта мет , æ уорсæй*
*Мæскуй цæсгон исрохс æй.*

*Саузунæй бацан æфсес.*
*Уорс фæлуст иссæй нæ дес.*

*Æз уарзун дуйнебæл уорс.*
*Æз уарзун дуйнебæл рохс.*

*Уодикондæй ку зæгъон,–*
*Æхсæйвон нæ дæн, сæумон.*

*Уогæ ка дæн, ци ‘й мæ уаг? –*
*Хумæтаги уæзбун лæг.*

*Ис мæ цъеу кодта и мет, –*
*‘Ма иссæй тæхун мæ нет.*

**Дууæ бæрæгбони – Уæрæсей хъалонтæ æмбурдгæнæг оргæнти Бон æма Уæрæсей бухгалтерти Бон – бæрæггонд цæудзæнæй 21 ноябри.**

***ахсгиагдæр гъуддагбæл нимайун райдайанæ ахурадон æма гъомбæладон куст – цæмæй адæми хуæрзæгъдауи æма уодварни надмæ раздахæн. Мах ба (æз хецауадæй зæгъун) культури кой уæлæнгæйтти ракæнæн – доклади кенæ дзубандий кæрони, мадта ин ци æхцай мортæ радех кæнунцæ, етæ дæр æнцæ нецитæ æма мацитæ...»***



* * *

*Фæндаггон лæг никкирсæ ‘й.*
*Боргон мет уаруй.*
*И гъæунгæй игъусуй*
*Кедæр худт гъæрæй.*

*Бугъгалæн баки зæронд*
*Агоруй къæбæр.*
*Уой, æвæдзи, мæн зарун*
*Нæ гъæуй хъæбæр.*

*Лæг кæнуй бугъдон кунæг,–*
*Къæбæр иссерун – æ нет.*
*Æмпурсуй мæн æрхунæг,*
*Уаруй боргон мет.*

*Кадæр ходуй æ фæндон,*
*Æлхъевуй кедæр æ нез.*
*Уони уарзун нæ ‘й мæ бон,*
*Æндæр мæтæ мæмæ ес.*

*Исæгудзæг дæн хъæбæр,*
*Æхгæнун мæ дуар.*
*Нæ мæ гъæуй сæ хабар,*
*Дууæ бони гъе уæддæр…*



* * *

*Дууæ лæги – аргъауæни :*
*Фиццаг нæ ‘й æхе уаги.*
*Радзебæл æй «еу рауæни»,–*
*Схупп кодта æгæр раги.*

*Дуккаг– Хуцауи ном еруй,*
*Æнхæст кæнуй æ фæткæ.*
*Уомæн æ хуæрзæгъдау берæ ‘й.*
*Уæздан æй æвæлхæткæ.*

*Фиццаг – Хуцаумæ ‘ссæй æргом,–*
*Дуккаг – ковуй, æхе не ‘вдесгæй.*
*Хуцау кæмæ здахдзæй е ‘ргом,–*
*Сбæрæг уодзæй еу ескæд.*

* * *

*Уидтон денгиз æз мæйи дæргъци;*
*Æхсæвæ, бонæй æй уидтон.*
*Æма хъонцгæнгæ мæйи дæргъци*
*Кодта æ таустæ мин дон.*

*Зæгъгæ, дуйне цæуй æвзуйгæ,–*
*Тагъд æй æййафдзæнæй сугъдæ.*
*Фæндур царди рохсбæл идзулгæ,*
*Цæйбæрцæ фæнди фæццæгъда,*

*Уæддæр разиндзæнæй сонт сæртæ,–*
*Хотух хæсдзæнцæ æргъувдæй.*
*Тæккæ лæгдæртæ ‘ма растдæртæ,*
*Стъæлдзæнцæ бабæй æвудæй.*

*Фудголи цæстæ саугурмæ æй.*
*Стъалуй таус дæр нæ лæдæруй…*

* * *

*… Æгъатир адзал,*
*Ма мæ радавæ*
*Æнæнгъæлæги*
*Аци æдзæттæй!*
*Седзæргæс мадæ,*
*Тæнуод бийнойнаг,*

*Дууæ бæдоли –*
*Дууæ цъæх талай.*
*Цæргæ ма мин æй!*
*Нæма евдæлун*
*Сау лентъитæмæ …*

* * *

*Фуни уаг – æстъалуй дæ,*
*Цæй, дæхе æрлæдæрæ.*
*Къæхти буни стъалутæ*
*Хиррист гæнгæ ма марæ.*

*Æй дуйне арцбæл сагъдау,–*
*Нæ ин ес сæрбæл дзорæг.*
*Мæ алли æрæфсарди*
*Дæн арвæй хатир корæг.*

* * *

*Æхсæвæ.Кадæр æнæмæтæ уаги…*
*Уадзæ, æ къæбæр æуулела.*
*Уогæ нæ мæнгæфсон планетæ лæги*
*Æдзох ку кæнуй кинзела.*

*Цæрун и къоребæл ку æй фур тæссаг,*
*Фал æй нæ ахæссуй нæ зунд.*
*Зæрддаг дзубандимæ куд не ‘руæн, дессаг!*
*Мæхе æппунæдзох фæрсун.*

*Зелуй зæнхи къоре, зæлуй азæлæн.*
*Хезæн арви дуари фегон.*
*Хори фалæмбулай цал анзи зелун,*
*Фал мæмæ нæ хати де ‘ргом.*

* * *

*‘Фсæруй кадæр сабур, арæхсгæ,фал*
*Къæс-къæс кæнуй и нæзи, пъолвæйнæгау.*
*Кæд е фегъуссæг æй? Æз дæр – игъал.*
*Уодзæнæн сæумæмæ еунæгæй.*

*Лæуун дзатмабæл.Дæу нимбахста тар…*
*Фæндуй нæзий ба æрсæрфун æстъалу.*
*Корун хъуæцдзуд рохси зилдæй æз дæр –*
*Хори зеллак мæ цæсгомбæл истолæ.*

* * *

*Уалдзæг.Сау биндзæ гъавгæ-гъавгæ,*
*Тæхуй нерæнгæ уæзбунæй.*
*Еу хæдзари нигъзалдæй авгæ.*
*Сабий нæбал кæнуй фунæй.*

*Хонсари салд зæнгæ бæласæ*
*Æ хехтæ арвмæ ивазуй.*
*И гъæу нæма еруй æ уасæ,–*
*Денгиз æ цæстæбæл гъазуй.*

*Тæнæг пъолцитæ æрвхузæнæй*
*Сæхе кæнунцæ хори рохс.*
*Дзæбæх мин цæуй тауæг сæнæ*
*Æнæ закъуска, æнæ рос.*

*ТУРГЪÆФСНАЙÆГ*

*Фестис,нæма фæцъцъитгæй бон*
*(цирагъи рохс стæфуй къалеутæ )*
*Нурма рæхцис, кæнис гæллеутæ,*
*Уинуй дæ бор жилеткæ фун.*

*Фе ‘стæн æй мет, фæцæй зумæг,–*
*Фиййаг еуæрдæмæ фенсонæ.*
*Уогæ смагоса ун ци ‘нцон æй.*
*Зæнхæ – саузун, ду ба – тузмæг …*

*Гъæдин хæдзарæ, хебарæй,*
*Фæцæй æррæстæ рохси гъæстæ.*
*Рацæй бурунцæ бор къæрæзтæ*
*Боргъæлæс цъеутау, сау тарæй.*

* * *

*Гъо, ку фæцайнæ мæ фидæн*
*Æз коммæгæс – цома.*
*Уæд куд адтайдæ мæ федæн?*
*Ка уинæ нур, цума?*

*Уомæн æ кадæ ‘ма æ зунд*
*Барстонцæ мин фæндаг.*
*Бадæн адтайдæ мин бæрзонд,*
*Мæ зарæн ба – фæрсаг…*

*Уогæй – мæ миутæ дæу фæндон,–*
*Ка райстайдæ мæ раз!*
*Раззаг адтадæ дæ фæдон.*

*Фал е н’ адтайнæ æз.*

*КУПЛЕТТÆ ÆМБАЛÆН*

*Цæргæбонти, гъæйтт-мардзæй,*
*Ку хъйамæт кæнай, –*
*Уæд зонæ уой, ке уодзæй*
*Фарнæ дæ къонай.*

*Гæдзи буни сойнæ ес :*
*Дзурд дин уæд зинаргъ.*
*Къумæлдзæфæй зар нæййес,–*
*Тар æй æ цирагъ.*

*Игъæлдзæг уай, мæтъæл уай,–*
*Е уæд дæхе харз.*
*Дзæгъæл ходун, къæл-къæлæй,*
*Нæ унйау æй хуарз.*

*Били цортæй ци ходæн,–*
*Ходун нæ цæугæй?*
*Цæбæл ниттухст ан,адæн?*
*Размæ нин цæугæй!*

*Еугæндзон æй,фæдесон*
*Нæ Рæстæг – бархе.*
*Устурзæрдæй æносон*
*Æнгъæлæн нæхе.*

*Æхецæн цæрæд гъæла,*
*Зундгин дæр уотæ.*
*Бæрæгбæнттæмæ бæллæ,*
*Дæхебæл уодæ.*

*МÆ ФИДИ ИМИСГÆЙ*

*‘ Хсæйвон денгизи*
*Хусгæй уæлгоммæ.*
*Æй арв ме’ нгаси,–*
*Хæтуй дæлгоммæ.*

*Къæбæр сау арви,*
*Цæнхи ‘й ниттолæ.*
*Арвæй хуарз арфæ,*
*Цæсти ‘й нинцъолæ.*

*Зиннуй цъунд цæстæ,*
*Рæстæг ледзагæ.*
*Æрвон ниуæзтæй*
*Мæйæ е ‘дзаг æй.*

*Уинун Лазæри,–*
*Рохсаг зæгъæн ин.*



* * *

*Æртæсдзйан кæрæдземæй, æнæ ести домæнтæ,*
*Куд фæззæги къалеуæй – сифæ.*
*Хъæлти мæ рахæсдзæй, ниддæмгæй мæ тæлæнтæ,*
*Хæрдмæдзæуæг уæлдæфи гулфæн.*

*Цæудзæнæй тиринггæнгæ дуйне æ кинзели,*
*Мæ таустæ мин думгæ скъæфдзæй.*
*Нæбал ресдзæнæй сæр, цæветтон, фæспохмели.*
*Зæрди ба сæнтцъæх рохс истæлфдзæй.*

*Рохси сатæг ирдгæмæ æз мæхе ниддардзæнæн,*
*Фæлмæн урз даудзæнæй мин мæ рос.*
*Дæ уозæлд уотемæй æхцæуæн æнкъардзæнæн,*
*Æнкъардзæн нæ цубур уарзти рохс.*



**Номдзуд скульптор Гадати Лазæрæн æ райгурæн гъæу Сурх-Дигори астæуккаг скъолай азгъунсти фарсбæл цалдæр анзей размæ æвæрд æрцудæй къæйдорæй конд мемориалон фæйнæг, кæций искодта е ‘мгъæуккаг, номдзуд скульптор Соскъити Владимир.**

**Къари: мемориалон фæйнæг игон кæнуни мадзали рæстæг. Лазæри фурт Константин æма Ирæфи районி уæди сæргълæуууæг Хидирти Батраз.**

* * *

*Косынки тилд, мудхуз дзиккоти ‘змилд.*
*Рахес цæстæ ‘сгæлстон, фал нæ фæттаст дæн.*
*Стæфгæй еци силгоймаги æзмæлд,*
*Галеу цæстæй идзирддæрæй ку ‘скастæн.*

*Æ сунти дзæнгæрæг дзедзрой кодта.*
*Арци къурцбæл е ‘цæгæй истухуаст æй.*
*Студтон галеу цæстæ дæр – никкудтæн!..*
*Мæ æдухи бартæстæн зæнхон уарзтæй.*

*Кæд мин цæстити рохсæй тæрегъæд*
*Феддон иссæй, уæддæр æз, æнæрлæугæй,*
*Тундздзæн уæ худт, уæ къахгъæрмæ, мæ байвæд,*
*Лæдзæги фиййæй къурц-къурцгæнгæй.*

*МЕТ*

*Куд хундзæнæн æз зумæг,*
*Гъар ку уа æндекки?*
*Фæрриудтæн æз уарзунæй,*
*Ка мæ уарзуй? Неке!*

*(Æмхузадæ –мæ девиз ),*
*Уотæ æй мæ фæндæ.*
*Лимæнгæндтæ мин нæййес.*
*Нæ мин ес хæлæрттæ.*

*Æз æносмæ ауигъд дæн*
*Арв ‘ма зæнхи астæу.*
*Гъизт зумæг дæн, агъуд дæн,–*
*Арвмæ кудзау баст дæн.*

*Уорс тъæфилтæ рæгæнун*
*Сабийбæл къаласки.*
*Гъуди дæр дин нæ кæнун*
*Кардзуд – нæфæразги …*

*Рæдау дæттун мæ уорсад,*
*Уадздзæнæн ехæнтæ.*
*Ма мæ уæд æппун уарзæг,–*
*Нæ уарзун хæрæнттæ.*

**Аци фæрстæ фæлгонцгонд æнцæ Гадати Лазæри исконд скульптуритæй.**

**Бозни Бон бæрæггонд цæудзæнæй 23 ноябри. Уæ кæрæдзей барæвдауетæ арфитæй!**

***Куд зонæн, уотемæй Мæскуй цæуй равдист-форум «Уæрæсе». Архайуй си Цæгат Иристон дæр, æма 7 декабри уоми уодзæнæй нæ республики Бон. Ци мадзæлттæ арæзт æрцæудзæнæй, уонæй еу æй – нæ адæмон æцæг æгъдæуттæмæ гæсгæ киндзæхсæвæр куд гъæуама арæзт цæуа, уой равдесун.***

## БÆРÆГБОН ИСФЕДАУЙ ХОНÆГИ ЗАГЪДÆЙ: «ДÆ ЗÆРДТАГОНТИ ДÆР НÆМÆ РАКÆНÆ!..»



# ЗÆРДСАСТÆЙ УСТУР ГЪУДДÆГУТÆ АРАЗÆН НÆЙЙЕС!..

***Мæнæ дæлдæр ци фарстатæ мухур кæнæн, етæ дин кæдимайди ба фæййагъаз уиуонцæ дæ уодигъæдæ бæлвурддæрæй базонунæн: зæрдихудтгæнагæ ‘й, зæгъгæ ди, хаттæй-хатт ке фæззæгъунцæ, е раст æй æви бухсагæ дæ. Алли фарстабæл дæр дзуапп дæттун гъæуй: кенæ «гъо», кенæ «нæ». Секк ку кæнай, уæдта дзуапп дæттæ: «нæ зонун», «фæууй алли хузи дæр». Архайæ, цæмæй æнæбæлвурд дзуæппитæ минкъийдæр уонцæ.***

**1.** Дæ зæрди уагæ æнцон фехалæн æй?

**2.** Берæ рæстæгути фæддарис дæ зæрдæбæл æфхуæрд æма бафхуæрæги?

**3.** Берæ рæстæг фæгъгъенцъун кæнис цидæр листæг бæлахи туххæй (кедæр хæран ракасти, маргæйдзаг уайдзæфи, дæ курæти дустæ ницъцъумур кæнуни фудæй)?

**4.** Цæйбæрцæбæл берæ рæстæг фæууис уæхæн уавæри, æма дæ сауæнгæ еске хæццæ дзубанди кæнун дæр нæ фæффæндуй?

**5.** Æнцонтæй фæссайди уис еувæрсаг дзубандитæ æма æзгулити фæдбæл?

**6.** Цæйбæрцæбæл дæ бон æй берæ рæстæги дæргъи дæ зæрдресæнтæ, кемæнтæ, раконд гъуддæгутæ равзарæбавзарæ кæнун?

**7.** Ахид фæййархайис дæ зæрдиуаги цубур рæстæгон уавæрмæ гæсгæ?

**8.** Ахид уинис фудфунтæ?

**9.** Цæмæйдæрти иннетæй лæгъуздæр дæ, зæгъгæ, гъуди дæ тухсун кæнуй?

**10.** Дæ кеми уавæр ахид фæууй фæйнæхузон: ку цийнаг фæууй, ку ба гъенцъуйнаг?

**11.** Уотæ дæр фæууй, æма загъддзаманай рæстæг дæ гъæлæсиуагæ зингæ фæннидæндæр уй æма дæмæ фæззиннуй, хеуадон дин ка нæй, нильлæг кенæ ба бæрзонд гъæлæсиуагæ?

**12.** Æнцонæй дæ ес ратингун кæнун?

**13.** Дæ кеми ку нæ уай, уæд дин дæ уавæр фæххуæздæр кæнунæн цийфæнди хуæрзадæ хуæруйнаг дæр нæ фæййагъаз уодзæнæй?

**14.** Ахид истингун уис, ку нæ дæ фæллæдæрунцæ, уæд?

***

**Нур ба банимайетæ, уæ дзуæппитæмæ гæсгæ цæйбæрцæ баллтæ æрæмбурд кодтайтæ, уой (алли «гъо» дзуапп – 0 балли, «нæ» – 2 балли).**

**23-28 балли**. Зæрдихудтгæнагæ ‘й, зæгъгæ, дæ хъæбæр зинтæй исхонæн ес. Дæ уодисконд æй æнæфæккеугæ æма хъæбæр æстæн фæууй цидæр уавæрти дæлбарæ. Кадæртæ дæ æнæбасæттонбæл нимайунцæ. Хаттæй-хатт дæмæ хицæ кæнунцæ, хаттæй-хатт ба гъаст дæр ракæнунцæ, фал уой гъуди ма кæнетæ.

**17-22 балли**. Еуцæйбæрцæдæр зæрдихудтгæнагæ дæ. Дæ еци менеуæг дин мæститæ минкъий нæ бавзарун кæнуй. Æгæр ræуæгæй ратæлтæг уис æма дæ бафхуæрæгæн гурумухъ дзубандитæ фæккæнис. Уой фудæй дæмæ буцæутæ, хилтæ рауайуй кусти дæр æма дæ биййонти ‘хсæн дæр. Архайæ хебæлхуæцгæдæр ун, æма иннети хæццæ рахастдзийнæдтæмæ цæстæ дарун.

**0-16 балли**. Æгæр зæрдихудтгæнагæ æма мастесагæ дæ, æгæр æнцонтæй фейиевис дæ зæрдиуагæ, æгæр зæрдристæй тергади кæнис, иннетæ дæмæ ци зæрдирахаст дарунцæ, уой. Дæ еци менеугутæ дæ уодиконди дин æведауцæгæнæг æнцæ. Æвæстеуатæй бавналæ дæ хегъомбæладæмæ. Цæйбæрцæбæл минкъийдæр баллтæ æрæмбурд кодтай, уойбæрцæбæл тагъддæр райдайæ еци æнæмæнгæ гъæугæ гъуддаг æнхæст кæнун.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Цидæр хумæтæг адæймаг тумбулкъохæй ниггæрах кодта паддзах-императори, Фидибæсти Фиди, сауæнгæ Петр Фиццаги, зæгъгæ, хабар уи æруагæс кæнуй? Нæ ниббухстæй, дан, Петр Алексейи фурт ибæл æгæр ке айуан кодта, уой. Кади ходæ хæссæгæн æ цæсгон æнцъулдтæ дæр нæ фæцæй. Еци «фудгæнæг» кæмæй куста уосæ-паддзах Екатерини рæстæг?**

а) Бæхгæс. б) Хуæруйнаггæнæг. в) Гъæугарзгæнæг.

**2. Америкаг сахар Огасти цæрæг уоййасæбæл бафæлладæй, бунæттон администраци ин фæййагъаз кæнуни туххæй æ курдиадæмæ се ‘ргом æгириддæр ке нæ рахаттонцæ, уомæй æма уæд исфæндæ кодта æ маст си райсун. Еууæхæни муниципалитети къæридори æдзæсгон чиновникти косæнуæтти рази рауагъта… Ци?**

а) Питон (устур хелагæ). б) Гъæдиситæ. в) Тигр.

**3. Америкаг Еугонд Штатти сосæг службитæ сæрмагонд операцитæй еу адтæй: хумæтæги æпхæ силгоймаги гормонтæй байдзаг кæнун æма ести амæлттæй бахуæрун кæнун уæди рæстæги паддзахæдтæй еуей разамонæгæн, цæмæй иссайдæ силгоймаг. Еци фудвæнди амæттаг гъæуама ка иссайдæ:**

а) Фидель Кастро. б) Бенито Муссолини. в) Адольф Гитлер.

**4. «Æз дæбæл æууæндтæн, иннети рази дæ сæрбæл дзурдтон. Æз зæгъинæ, нæхе Сашæ цийфæндийæй дæр хуарз æмбал æй. Ду ба нæ еугурейдæр фæффудевгед кодтай…» Æ рæстæги уæхæн уайдзæфтæ æнсувæрон компартити разамонгутæй кæмæн кодта советон раздзæуæг Леонид Брежнев?**

а) Густав Гусак. б) Тодор Живков. в) Александр Дубчек.

**5. Психологтæ куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй сабийæн е ‘знæтдзийнади зингæ ниллæгдæр фæууй хæдзари ин цуппæркъахуг æмбал ку уа, уæд. Науки амундмæ гæсгæ, зæгъæн, куййи хæццæ гъазгæй, сабийи бауæри медæгæ цæхгæр фæнниллæгдæр уй тухсундзийнади уавæр æвзурунгæнæг гормони бæрцæ. Ци хуннуй еци гормон?**

а) Кортизол. б) Адреналин. в) Меланин.

**6. Къниаз æ фуни фæууидта, гъæдæй имæ комкоммæ куд рацудæй арс, æ дзæмбути секирæ, уотемæй. Фун нецæмæ ‘рдаргæй, сæумæй рандæй цауæни. Уоми ба, дан, æцæгæйдæр æ комкоммæ гъæдæй рацудæй арс. Æцæг, æнæ секирæй. Рамардтонцæ ‘й, гъай-гъайдæр, еци рауæн ба унаффæмæ гæсгæ курухон къниаз бардзурд равардта цæмæй си сахар арæзт æрцæуа. Циуавæр сахар си арæзт æрцудæй?**

а) Ярославль. б) Ростов. в) Киев.

* * *

**Раст дзуæппитæ нæ газети 42-аг номери мухургонд фарстатæн.**

Штурман. 2. Ватикан. 3. Дмитрий. 4. Белосопкинск. 5. Æнæном. 6. Æстдæс. 7. Буцефал. 8. Германи. 9. Коцойти Арсен. 10. Еуæндæс. 11. Зæнхæбæл.

## СПРОСИЛИ ЯШКУ: «КАК ЖИЗНЬ?..» И ОН СКРОМНО ОТВЕТИЛ: «СОКРАЩАЕТСЯ...»




* * *

– У тебя есть какие-нибудь недостатки?

– Излишняя прямота.

– Я думаю, что это, наоборот, достоинства.

– А мне плевать, что ты думаешь.

* * *

Сколько человек работает в вашей компании?

– Примерно половина.

* * *

– Помнишь, я утром бегала по квартире с радостным криком: «Ура! Я нашла, наконец, эти чертовы ключи!!!»

– Ну да...

– Ты не видел, куда я их после этого положила?

* * *

Ты уже начинаешь стареть, если покупаешь упаковку попкорна ради клетчатки, а не ради сюрприза, который лежит внутри.

* * *

Ты так похудела! Это новая диета?

– Да, морковь, свекла и картофель.

– А что делала, варила или жарила?

– Копала!

* * *

Литр водки снимает стресс с тебя и надевает его на окружающих.

* * *

Жена – мужу:

– Помнишь, дорогой, какая буря была в тот день, когда мы познакомились?

– Еще бы не помнить... Я с тех пор верю в приметы...




Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2520**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 17.11.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 17.11.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.